

**RG MUGABE PRIMARY SCHOOL EXAMINATIONS  
GRADE 7 SHONA PAPER 1  
MOCK EXAMINATION 2020**

---

---

**MIRAIRO KUVANYORI:**

1. Verenga mirairo yebvunzo usati wanyora
2. Usavhura bepa rebvunzo usati wapiwa mvumo
3. Shandisa penzura yemhando ye HB chete pane zvauchanyora pabepa rekupindurira mibvunzo
4. Kwizira chibhokisi chimwe chete chinomirira mhinduro sezvakaitwa pamucherechedzo uri pamusoro pebepa rokupindurira
5. Kana waona kuti wakanganisa dzima zvipere zvose wozokwizira pane mhinduro yakanaka
6. Ukakwizira mabhokisi maviri kana kudarika unenge watadza
7. Kana usina kunzwisisa mirairo iyi bvunza mudzidzisi akutsanangurire usati watanga kunyora
8. Pindura mibvunzo yose pabepa rekupindirira mibvunzo

**Verenga nyaya iyi ugopindura mibvunzo inotevera**

Ndiri kutsvaga hwai dzangu .Hwai idzi dzakatengwa nemujaya wangu ari Harare.

Chiri pamuchena chiri pamutenure mukuru wangu.Ndiyo yaive pfuma yake yokutanga iyoyi. Hwai idzi dzakatandaniswa nembwa ndokupumhuka zvokutetereka nesango.

“Asi imi ndakuzivai ndakambosvika pano ndichisunza gore renzara. Makandipa chokudya nepokurara.”VaMakore vaitaura vakatarisa kuuso kwaVaNyikadzino.

1.”Mujaya wangu anobata kuHarare “zvinoreva kuti

A. kusunza B. anogara C. anotetereka D. anoshanda

2.Tsumo yokuti, ‘chiri pamuchena chiri pamutenure inoreva kuti.....

A.murombo anogara ari murombo

B. murombo haaite chinhu chinobudirira

C. murombo anofanira kugara akadaro

D. murombo munhu

3. Kazhinji munhu anotaurea newe akakutarisa kumeso anenge.....

A. achitaura zvemanyepo

B. achitaura chokwadi

C. asina chokwadi nezvaanotaurea

D. achitaura zvisina maturo

4. Chiri kunzi 'ndiyo pfuma yake yokutanga' chii ?

A. imbwa B. kusunza C. mari D. makwai

5. Pedzisa chirevo ichi Hwai nembwa.....

A. zvinotamba zvose B. hazviwirirane

C. zvinogara pamwe D. zvinofarirana

### **SARUDZA IZWI RAKAKODZERA**

6. Amai Nyikadzino vakarima.....yenzungu gore rino.

A. bundu B. doro C. tseu D. gombo

7. Mwana wehanzvadzi yako unomuti ani?

A. sekuru B. muzukuru C. ambuya D. tete

8. Muchimbuzi maiti .....kunhuwa.

A. pu B. kutu C. tundu D. bv-u

9. Mbavha yakarohwa se.....

A. imbwa yapinda mumba B. nyoka yapinda mumba

C. dhongi D. mombe dzakasungwa

### **DUDZIRA CHIRAHWE ICHI NEIZWI RAKAKODZERA**

10. Rakazvirova rikazhamba.

A. benzi B. gudo C. dhongi D. jongwe

11. Mombe itsva mudanga inonzi .....

A. tsiru B. njeni C. dore D. handira

## VERENGA UGOPINDURA MIBVUNZO

Zvomoenda kuzvikoro zvenyu vana  
Muzvibate sevana vakabva kuvanhu  
Zvetsika nemagariro makanzwa vatete  
Kana ivo vaitaura vana sekuru  
Kuti idzo tsika ndihwo unhu hwedu  
Kudzidza kukuru muupenyu vana  
Ndikoka kugadzirira hwenyu hwamangwana  
Kuti musvinure mugova vapenyu  
Ndotaura zvino sababa venyu  
Kunongedzwa mangwana ndiko ndisingadi  
Ndivete zvangu muchuru mune rangu  
Ndaenda zvachose kunyikadzimu

Dzidzai vana,dzidzai nawose moyo itai  
Zivai vanangu chizivai zvino  
Kuti iyo dzidzo iyi inhaka youpenyu  
Madai kutarisana nayo chiitai  
Vabereki munavo vakati zvishoma dzidzei  
Chizamaiwozve mungoti isu kundei  
Tinganwisa ani fundo yedu setinei,  
Hazvigoni izvo vana chokwadi kwete  
Sokuti pakufa yedu misoro tinoti hendei

12.Detembo riri pamusoro pei?

A. kuyambira      B. kushora      C. kutsutsumwa      D. kutuka

13.Vana vakabva kune vanhu vanenge vakaita sei?

A. vaine dzidzo      B. vaina tete vavo  
C. vaine tsika dzakanaka      D. vakabva mumaruwa

14.Zvetsika nemagariro vakanzwa kuna ani?

A. kuchikoro      B. kuna tete na sekuru  
C. kuvabereki      D. kuna baba

15.Kana munhu aenda kunyikadzimu anenge aita sei?

A. afamba rwendo      B. aenda mhiri kwamakungwa

C. avete zvake                      C. afa

16. Vana vataurwa nemudetembi iri vari kuenda kupi?

- A. kunoorwa                      B. kuchikoro  
C. kunyika dzimu                D. kumba kwatete

17. Kunongedzwa handidi zvinorevei?

- A. kudenhwa            B. kufarirwa            C. kushorwa            D.  
kupembedzwa

### **MUTAURO**

18. Baba vakatenga shangu dzavo .....dzokupfeka.

- A. nhema    B. tema            C. dzitema    D. zvitema

19. Akasangana neshamwari yaive yabudirira mubvunzo akamuti, ".....shamwari wakazviita."

- A. nematambudziko                      B. makorokoto  
C. wakarova                                D. ndizvozvo

### **MAZWI MUUZHINJI**

20. Rukukwe. A. makukwe    B. hukwe    C. mazikukwe    D. rakukwe

### **MAZWI ANOREVA ZVAKAFANANA NERAKATARWA**

21. Ambuya vaenda kundochera madima.

- A. tsenza    B. nyimo    C. mbambaira    D. matapiri

### **MAZWI ANOPIKISANA NERAKATARWA**

22. Akatenga mukaka wakakora

- A. mutuvi    B. weruomba    C. zifa            D. mumbishi

23. Mucheka uyu wakaoma.

- A. wakatota            B. mutsvuku            C. wakareba            D. wakapfupika

### **VANA VEMHUKA**

24.Chiva ...A. datya      B. buruvuru      C. nzvenzvana      D.  
tikinya

### **VERENGA UGOPINDURA MIBVUNZO INOTEVERA**

Kareko vana waitandadzwa zvavo manheru vachitamba panze vakawanda vakaungana pajenaguru.Vaitamba izvi uri mwedzi muchena.Kumafuro vakomana vaiwana mufaro vachitandadzwa nemitambo yakaita sejechere uye manhureture vachishandisa miseve.Vaikandawo tsvimbo kana matombo vachiedza kuzvirova zvisati zvadona pasi ichinzi horikoty. Panguva yekusununguka kwavo vasikana waitamba nhodo kana kuti magoga. Vamwe waitamba arauru kana kuti pada. Vakomana zvekare variko kumombe waitamba tsoro dzakasiyana siyana dzinosanganisira mutate,juja uye dzemakomba.Vemazuvano mirangariro yavo iri pazvivhitivhiti,nhare dzokufamba nadzo uye michina yemakombuyuta. Vanenge vachibaya baya vachizvitinya tinya nekuzvidzvanya dzvanya.Vamwe ndivo vanenge vakaisa tambo dzemhanzi munzeve kubva kunhare dzavo.

25. Mwedzi muchena unonzi chii?

A. kareko    B. kuungana      C. manheru      D. jena-guru

26.Vakomana vekumafuro waitamba mutambo yemiseve inonzi ?

A. mutate,juja,dzemakomba  
B. arauru kana kuti pada  
C. kukanda horikoty  
D. jecherere uye manhure ture

27.Mundima rimwe izwi rinoreva kuti nhodo ndi.....

A. magoga    B. pada      C. arauru      D. horikoty

28.Kumafuro kunoitwei?

A. Kunofudzwa mombe      B. ndekwe vanhu vekare  
C. Kujena guru      D. Kumwedzi muchena

29.Michina inoshandiswa kuonerwa bhaisikopu,mufananidzo kunzwa vaimbi iri mundima inosanganisira .....

A. manhungetunge uye techerere nehorikoty

- B. vemazuva ano netambo dzemunzeve  
C. zvivhiti vhiti,makombuyuta nenharembozha

### **ZADZISA NEIZWI RAKAKODZERA**

30.Nhopi.....yakabikwa nemaferere.

- A. idzi                      B. iro                      C. iyi                      D. awo

31.Twana.....twakashama

- A. utwu      B. uto                      C. ako                      D. izvi

### **NDEUPI MUTSARA WAKANYORWA ZVAKANAKA**

32.A.Gorongongiro rinemvura.

- B. Gorongairo rine mvura.  
C. Gorongongiro rine mvura.  
D. Gorongongiro rine mvura.

### **CHIREVO CHAKAUMBWA ZVAKANAKA**

33.A.Kunze kuri kubvubvuta.

- B. Kunze kuri kuvuvuta.  
C. Kunze kuri kuvhuvhuta.  
D. kunze kuri kuhvuhvuta.

34.A. Mombe anodya uswa.

- B. Wana wacho vanofarira chingwa  
C. Twuchembere twaiona nhabvu.  
D. Zigomana icho chinofara

### **ZADZISA SEKUTAURA KWEDU**

35.Nyama yakaomeswa inonzi?

- A. mutetenerwa      B. chimukuyu                      C. munya                      D. mufushwa

36.Munhu asingataure anonzi .....

- A. bofu      B. mhetamakumbo      C. chimumumu                      D.matsi

### **ZADZISA TSUMO DZINOTEVERA**

37.Mugoti unopiwa .....

- A. anoseka      B. anobika      C. anyerere                      D.mugoni

38. Totenda dzamwa dzaswera .....

A. natenzi B. nebenzi C. nemufudzi D. nepwere

**SARUDZA ZVIREVO ZVAKANYORWA ZVAKANAKA**

39.A. Munoti anouya nhasi here Chido akabvunza.

B. Munoti “anouya nhasi here?”Chido akabvunza.

C. “Munoti anouya nhasi here?”Chido akabvunza.

D. “Munoti anouya nhasi here?,”Chido akabvunza.

40.A. Ndakatenga bhutsu,ndiro,mabhuku,nechingwa.

B. Ndakatenga ,bhutsu,ndiro,mabhuku nechingwa.

C. Ndakatenga bhutsu,ndiro,mabhuku nechingwa.

D. Ndakatenga bhutsu ,ndiro mabhuku nechingwa.